

## ЦАРД ЦИЙНИТÆ ÆМА МÆСТИТÆЙ, ГЪИГÆ ÆМА ÆХЦÆУÆНТÆЙ КОНД ÆЙ!..

***Иван КРЫЛОВ (1769-1844), финсæг: «Адæми цардамонди сæрбæлтау бахъиамæт кæнунæн агорун гъæуй аллихузон ахедгæ мадзæлттæ. Фудракæндтæн кæрон искæнун – сæйраг ихæс, уомæн æма етæ Фидибæстæн устур зæран хæссунцæ... Æцæгæй раст адæймаги ихæс æй æхсæнадæн кæмидæриддæр æма кæддæриддæр пайда хæссун, кæд ауæхæн хуарзи цæун æ бон æй, уæд...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№4 (973) 2025 анзи 8 февраль – комахсæни мæйæ

Аргъ 1 туман


# НÆ ФИДТÆЛТÆ АДÆМТÆН СÆ ХУÆЗДÆРТИ РÆНГЪИТИ ЦУДÆНЦÆ



Марат МАГОВИ ист къарæ.

… Кæддæр, дан, еу лæхъуæн исфæндæ кодта æ гъуддæгути фæдбæл балций рандæ ун. Æма æ ранæхстæри размæ æ мади бафарста:

– Фæндаггагæн мæ хæццæ ци хæссон?

– Дæ фиди ном, дæ фиди фарнæ, – адтæй мади дзуапп.

Æма лæхъуæн балций æ фиди номи, æ фиди фарни хæццæ рараст æй. Уой фæрци æй алкæми дæр зæрдиагæй исиуазæг кæниуонцæ – уоййасæбæл нимади адтæй æ фидæ…



ГАРДАНТИ Михал

Аци таурæхъи кой ма кæддæр дæр кодтан, фал æй уæддæр нæуæгæй æримиста. Уомæн бæлвурд равгæ дæр ес. Зундгонд куд æй, утемæй аци анз Уæрæсей нимад цæуй Фидибæстæ гъæуайгæнæги Анзбæл. Лæдæрд æй, фулдæр æргом æздæхт ке цæудзæнæй, Фидибæсти сæрбæлтау тугъдон гъуддæгути æскъуæлхтдзийнæдти хабæрттæмæ. Махмæ гæсгæ ба, раст уодзæнæй, уомæй уæлдай ма царди иннæ къабæзти хъазауатонæй ка архайдта æма архайуй, уони дæр цитгин кæнун. Æма, куд нури уæнгæ, утæ идарддæр дæр архайдзинан еци ихæс æнхæст кæнунбæл, мухур кæндзинан уой фæдбæл æрмæгутæ.

Абони ба имисæн нæ дууæ номдзуд адæймагей, зундгонд дæр уин ке 'нцæ, е ни æруагæс дæр кæнуй. **Гарданти Хъайтухъи фурт Михал**, нæ разагъди рохситаугутæй еу, берæ хуæрзти бацудæй нæ дзиллæн, удуæлдаййæй фæхъхъиамæт кодта нæ адæмон исфæлдистади хæзнатæ бамбурд æма багъæуай кæнунбæл.

**Цæголти Македони фурт Ким**, нæ номдзуд æфсæддон раздзæуæг æма æхсæнадон архайæг дæр берæ агъазиау лæгдзийнæдтæй фескъуæлхтæй Райгурæн бæсти сæрбæлтау.

Имисгæ ба сæ бæлвурдæй уомæ гæсгæ кæнæн, æма Гарданти Михали райгурдбæл æнхæст кæнуй финддæс æма авдинсæй анзи (1870-1962), Цæголти Кими райгурдбæл ба исæнхæст æй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1930-2015). Уой фæдбæл æрмæгутæ мухур кæнæн нæ газети абони номери.



ЦÆГОЛТИ Ким

## АХСГИАГ ГЪУДДАГ




## НÆ ЦИТГИЙНАГ БÆРÆГБОНИ КАДÆН – ЦИТГИН МАДЗÆЛТТÆ

***Парти «Еугонд Уæрæсе»-й хъæппæресæй не 'стур Уæлахези 80 анзей кадæн хæстæгдæр мæйти æнхæстгонд цæудзæнæй номерæн, патриотон æма рохсадон мадзæлтти урух программæ. Нуриуæнгæ бал рапарахат æй архайд тугъдон мемориалти райарæзтбæл, музейти æма акци «Уæлахези диктант» бацæттæ кæнунбæл...***

Бæрæгбонмæ цæттæдзийнади фарстабæл дзоргæй, «Еугонд Уæрæсе»-йи генералон совети секретарь **Владимир Якушев** куд бафеппайдта, утемæй федералон цæттæгæнæг комитет «Нæ Уæлахез» бæлвурд нисантæбæл косуй, цæмæй Устур Фидибæстон тугъди цаутæ æма сæ ахсгиаг историон нисанеуæги туххæй рæстаг хабæрттæ урух мухургонд æма парахатгонд цæуонцæ.

– Е уæлдай вазуггиндæр æй Фидибæстæ гъæуайгæнæги анз æма Уæлахези 80 анзи юбилейи æууæлти архайгæй, – загъта секретарь. – Хæстæгдæр рæстæг райдайдзæнæй ахурадон косæндæнтти киунугути еугуруæрæсеуон конкурс «Знать, чтобы помнить». Фарæ уæхæн конкурси архайæг адтæнцæ 1400 скъолай æма уæлдæр ахургæнæндони музейтæ. Етæ конкурсмæ бавдистонцæ, Устур Фидибæстон тугъди хабæрттæ æма сæрмагонд æфсæддон операций архайгути туххæй ци равдиститæ бацæттæ кодтонцæ, уони фæдбæл æрмæгутæ. Конкурсон къамис хуæздæрбæл банимадта алли уæрæсейаг регионти 90 музейи. Нæ зæрдæ дарæн, аци анзи ериси никки фулдæр ахурадон косæндæнттæ ке архайдзæнæнцæ, уобæл. Конкурси алли номинацити уæлахездзаутæн исаккаг кæндзæнæнцæ премитæ 200 мин сомемæй 500 мин сомей уæнгæ.

Апърели ба «Еугонд Уæрæсе» дуйней 80 бæстеми исараздзæнæй дзиллон акци «Уæлахези диктант». Акций архайæг уодзæнæнцæ федералон ведомствитæ æма æхсæнадон еугæндтæ.

2


http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Номдзуд композитор Тихон ХРЕННИКОВ (1913-2007), кæддæр уотæ загъта: «Культурæ нæййес – уæд паддзахадæ дæр нæййес. Културæ ес – уæд паддзахадæ дæр ес. Уой æримисгæй, номдзуд финсæг Валентин Распутин (1937-2015) æ хæццæ исарази æй: «Хъæбæр раст загъта... Æнæ културæй ци хузи ес гъомбæлгæнæн ирæзгæ фæлтæри? Циуавæр културæбæл гъæуама дзорæн, кæд æма, зæгъæн, Нæуæг анзи телеуинадæй амæй-айæ илгъагдæр зартæ игъусунцæ!..*

## АХСГИАГ ГЪУДДАГ

### НÆ ЦИТГИЙНАГ БÆРÆГБОНИ КАДÆН – ЦИТГИН МАДЗÆЛТТÆ

1

Уотæ, Владимир Якушеви дзубандимæ гæсгæ, Наукæ æма уæлдæр ахуради министради диктант ниффинсунæн фæзуæттæ байгон кæндзæнæй еугур уæрæсейаг университетти æма сæ фæсарæйнаг филиалти. Фиццаг хатт «Уæлахези диктант»-ий архайгути исиуазæг кæндзæнæнцæ фонд «Фидибæстæ гъæуайгæнæг»-и регионалон дæлхайæдтæ дæр.

– Фарæ «Уæлахези диктант» ниффинстонцæ дууæ миллион адæймагемæй фулдæр (уонæн байгон кодтонцæ 30 мин сæрмагонд фæзуатей бæрцæ). Дуйнеуон акций архайгути нимæдзæ аци анз минкъийдæр нæ уодзæнæй, убæл дузæрдуг нæ кæнун, – загъта секретарь.

Уæлахези 80 анзей кадæн гъуддæгути программи ес берæ æндæр мадзæлттæ дæр: «Историческая память», «Бессмертный полк онлайн», «Звонок ветерану», «Парад у дома ветерана» æма уотæ идарддæр.

Куд иннæ хæттити, уотæ нур дæр «Еугонд Уæрæсе»-й Цæгат Иристони регионалон хайадæ архайдзæнæй, Уæлахези бони кадæн парти ци акцитæ арæзуй, уонæн сæ еугуреми дæр. «Историческая память», зæгъгæ, партион проекти регионалон координатор Фуад Кязымов уой фæдбæл уотæ æ радзубандий уотæ бæханхæ кодта:

– Ирæзгæ фæлтæрти патриотон гъомбæладæ, историон рæстдзийнадæ багъæуай кæнун – еци нисантæбæл зæрдиагæй куст цæуй æма идарддæр дæр парахаттæй-парахатдæр кæндзæнæй минæвæрттæ. Аци бæнтти бал райдæдтан «Уæлахези диктант»-мæ цæттæгæнæн архайд. Республики цæргутæ алкæддæр хъæбæр разæнгардæй фæййархайунцæ аци дзиллон акций, фарæ си архайдтонцæ æхсæз мин адæймагей бæрцæ. Аци анз аци мадзал никки дзиллдондæр ке уодзæнæй, уæдта нæ республики цæргутæ нæ Цитгин Уæлахези бæрæгбони кадæн иннæ мадзæлтти дæр разæнгардæй ке архайдзæнæнцæ, е ни федарæй æруагæс кæнуй.

Æ загъдмæ гæсгæ ма уой бафтауйнаг ан, æма арæзт берæ аллихузон мадзæлттæ 'рцæудзæнæй. Зæгъæн, нисангонд цæуй «Вахта памяти-2025», «Георгиевская лента», зæгъгæ, патриотон акцитæ, тугъдон зарти фестиваль-конкурс «Эхо военных лет». Уони апърели æма майи еумæйагæй исараздзæнæнцæ фæсевæди гъуддæгути Комитет æма æндæр фæсевæдон еугæндтæ. Еугур скъолати дæр рацæудзæнæнцæ «Уроки мужества», уæдта Устур Фидибæстон тугъди цаутæ æма хабæрттæ зонундзийнади викторинитæ, æфсæддон-спортивон гъæзтитæ «Победа» æма «Зарница»-йи кæронбæттæн еристæ.



## АДÆМÆН СÆ ЦАРДАРÆЗТИ РÆСУГЪДДЗИЙНАДÆ СÆХЕЦÆЙ АРАЗГÆ ÆЙ!..



**Културон хъæппæрести президентон фондæн Дзæуæгигъæуи ци проектон офис ес, уой разамонæг БАЙАТИ Лоли (къари – бадуй астæуæй) æнтæстгин кусти фæрци ами лæмбунæг каст цæуй еугур проекттæмæ дæр.**

# БÆЛАСÆН Æ ЗИН Æ УЕДАГÆ ИСАРАЗУН ÆЙ...

Зундгонд куд æй, уотемæй евгъуд анзи Дзæуæгигъæуи байгон æй културон хъæппæрести президентон фонди проектон офис. Уой фæрци зингæ фæййахедгæдæр æй амунд фонди гранттæ рамолуни фæдбæл конкурси нæ республики минæвæртти архайд.

Аци фонд арæзт ба æрцудæй Уæрæсей Президент **Владимир Путини** унаффæй, æма цæйбæрцæбæл гъæугæ нæуæгдзийнадæ разиндтæй, е бæрæг æй уомæй, æма ахедгæ хузи агъаз кæнуй култури аййевадæ æма креативон индустрити къабæзти идарддæри райарæзтæн. Фонди грантти фæрци æнтæстгиндæрæй æнхæстгонд цæунцæ, куд зундгонд исфæлдистадон архайгутæ, уотæ æригон авторти цæмæдесаг проекттæ дæр.

Фондæн бундор æвæрд æрцудæй 2021 анзи. Уæдæй нуриуæнгæ президентон гранттæ рамолуни фæдбæл арæзт æрцудæй æртиндæс еугуруæрæсеуон конкурси. Уонæмæ сæ проекттæ бавдистонцæ 75 мин исфæлдистадон къуари æма хецæн автортæ. Сæрмагонд конкурсон къамиси унаффæй президентон гранттæ исаккаг кодтонцæ 8,3 мин аллихузон проектемæй фулдæремæн. Еумæ райсгæй, еци проекттæ æнхæст кæнунæн фонд радех кодта 31 миллиард сомей бæрцæ.

Æхцæуæн æй, еци исфæлдистадон ериси Цæгат Иристон дæр зæрдиагæй ке архайуй, е. Зæгъæн, президентон грантти конкурстæ аразун ку райдæдтонцæ, уæдæй нуриуæнгæ республики минæвæрттæ балæвардтонцæ 250 курдиадемæй фулдæр. Уонæй алли æнзти 35 проекти нимад æрцудæнцæ хуæздæртæбæл æма син исаккаг кодтонцæ 99 миллион сомей бæрцæ грантæ...

Нæ регион евгъуд анзи дæр ахедгæ хузи архайдта амунд конкурси. Еумæ райсгæй, республикæ фарæ гранттæ хузи рамулдта 50 миллион сомемæй фулдæр (еци бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, Цæгат Кавкази федералон зилди регионти 'хсæн Иристон æй раззагдæр бунати). Уотæ, президентон грантти агъазæй евгъуд анзи Цæгат Иристони ци ахсгиаг културон-дзиллон мадзæлттæ арæзт æрцудæй, уонæн сæ сæйрагдæртæ исæнцæ еугуруæрæсеуон театралон фестиваль «Вахтангов. Путь домой», креативон индустрити фиццаг цæгаткавказаг форум «Кавказский акцент», уæдта «Полковник Ксанти» æма «Искусство сохранять», зæгъгæ, историон-рохситауæн кинонивти презентацитæ, æндæр аллихузон акцитæ.

Евгъуд анзи декабри културон хъæппæреси Президентон фонд исараста грантти кезуй конкурс. Уой хæццæ, сæрмагонд къамиси унаффæй зингæ фæуурухдæр æй конкурсон номинацити номхигъд, уæдта фæффулдæр æй грантти фонди бæрцæ дæр. Еци нæуæгдзийнадæ, ке зæгъун æй гъæуй, фулдæр фадуæттæ дæттуй аллихузон цæмæдесаг проекттæбæл бакосунæн, исфæлдистадон хъæппæрести идарддæри райрæзтæн.

Æма бабæй аци хатт дæр Цæгат Иристон æ курдиæдтæ æрветуй конкурсон къамисмæ. 2025 анзи конкурсмæ абони уæнгæ нæ республики минæвæрттæ балæвардтонцæ 30 курдиадемæй фулдæр. Нæуæг проекти 'хсæн æнцæ Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр **Плити Исси** туххæй кинонивæ исесуни, этнофестиваль «Весь мир – мой храм» исаразуни, историонрохситауæн программæ «Иристони зундгонд адæм» æнхæст кæнун æма æндæр нисантæ.

Зæгъун гъæуй уой дæр, нерæнгæ нæма байрæги æй президентон грантти конкурси архайунæн. Дзæуæгигъæуккаг проектон офиси разамонæг **Байати Лоли** загъдмæ гæсгæ, аци анзи конкурси архайуни равгæ цæмæдæр гæсгæ кæмæн нæ фæууа, уонæн ба гæнæн æма амал ес, цæмæй сæ проекттæ æнхæстæй бацæттæ кæнонцæ исонибони конкурсмæ бадæттунмæ æма исфæлдистадон еристи ахедгæдæр хузи архайунгъон разиннонцæ.

* * *

Национ проект «Културæ» нисангонд ку 'рцудæй (2019 анзи), уæдæй нуриуæнгæ æ нисантæй Цæгат Иристони ци æма куд æнхæстгонд æрцудæй, уой туххæй нæ республики арæзтадæ æма архитектури министрадæ куд игъосун кæнуй, уотемæй нæмæ дæсгай културон-хеерхæфсæн косæндоней уавæртæ зингæ фæззæрдæмæдзæугæдæр æнцæ. Бундоронæй цалцæггонд æрцудæнцæ Æрæдони, Ирæфи, Горæтгæрон, Рахесфарси, Алагири, Мæздæг, Дигори æма Кирови районти култури Хæдзæрттæ.

Дзæуæгигъæуи иснæуæг кодтонцæ сувæллæнтти театр «Саби», Кирови районти Ставд-Дорти гъæуи, Мæздæги районы – Комарово æма Мæлгъæвæги исаразтонцæ култури нæуæг азгъунститæ. Бундорон цалцæггонд æрцудæнцæ Алагири æма Дигорай, Æрхонки станици, Октябригъæуи, Мæздæги аййевæдти скъолатæ æма аййевæдти Туйгъанти Махарбеги номбæл музей.

Уомæй уæлдай ма Дигорай исаразтонцæ културон ирæзти Центр. Цæгат Иристон банимайæн ес, национ проекттæ адæми цард хуæрздæрæрдæмæ кæми æййевунцæ, уæхæн бунатбæл. Нуртæккæ национ проект «Културæ»-йи сæйраг рахуæцæнтæ бахæсдзæнæнцæ нæуæг национ проект «Бийнонтæ»-мæ. Е æнхæстгонд цæудзæнæй 2030 анзи уæнгæ. Аци нæуæгдзийнадæ зингæ фæббæрæг уодзæнæй Цæгат Иристони културон инфраструктури идарддæри райарæзтбæл.

Зундгонд куд æй, 2024 анзи 29 феврали Уæрæсей Президент Владимир Путин Федералон Æмбурдмæ æ Нистауæни фегъосун кодта, нæуæг национ проект цæрди рауадзунмæ ке гъавунцæ, уой туххæй. Æ дзубандимæ гæсгæ, проекти фæрци уæрæсейаг берæсувæллонгин бийнонти цард зингæ фæххуæздæр уодзæнæй, демографион уавæр дæр – уотæ.

Нæуæг национ проектмæ бахастонцæ фондз федералон проекти: «Берæсувæллонгин бийнонтæ», «Бийнонтæн агъаз», «Ниййерæги æма сабийти багъæуай кæнун», «Хестæр фæлтæр», «Бийнонти хæзнатæ æма култури инфраструктурæ».

* * *

Нæ рагфидтæлти зундгин зæгъдтитæй еу уæхæн адтæй, гъома, бæласæн æ зин æ уедагæ исаразун æй, æндæра, е ин ку бантæсуй, уæдта, куд райрæзуй, уой æхуæдæг дæр нæбал фæххатуй... Адæймаги уавæр дæр уæхæн æй: ести фарнæхæссæг гъуддагмæ ку бабæллуй, уæд ин æ исаразуни мадзал исамал кæнун зин фæууй, фал уомæй ку фæррæстмæ уй, уæдта ин æ бæлдæ бантæсуй. Уой уомæ гæсгæ зæгъæн, æма адæймаг раумон-циуон ку уа, уæд ин берæ зæрдæмæдзæугæдзийнæдтæ бантæсдзæнæй. Æцæг – æновудæй архайун гъæуй...




Дууæ æма цуппаринсæй анзей размæ (1943 анзи 8 феврали) Воронежаг фронти æфсæдтæ сахар Курск исуæгъдæ кодтонцæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй. Нæ Фидибæсти нури знæгтæ бабæй бæргæ багъавтонцæ Курски зæнхæмæ балæборун, фал дæрæнгонд цæунцæ.

*Уой хæццæ ба ма уавæр анзæй-анзмæ цауддæрмæ цæуй. Æма еци æведауцæдзийнадæ бауорамун неке бон æй...» Аци загъд, гъулæггагæн, раст ке æй, уой абони нæхе цæститæй дæр уинæн: нæ Фидибæсти сæрбæлтау нæ ку багъудæй æмвæндæй архайун, уæд нæ дзилли федауцæ дзурдæй разæнгард кæнуни бæсти телеуинунадæ иселлæг æй алли гириззæгтæй ерис кæнунæй. Бауорамæн син нæйес?» Бæргæ ес... Æцæг е кæмæй аразгæ 'й, етæ цæмæдæр гæсгæ никъкъех æнцæ...*





Всеволод МИЛЛЕРИ «Уруссаг-ирон-немуцаг дзурдуат» исаразгутæ. Разæй бадунцæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) СОБИТИ Инал, ÆМБАЛТИ Цоцко, профессор ФРЕЙМАН, ГАРДАНТИ Михал; лæуунцæ – МИСТУЛИ-фурт (дохтир), БЕКЪОЙТИ Г., ДЗАГУРТИ Губади, ГУРИАТИ Гагуз.

# НÆ АДÆМИ ФАРНÆ ЦИТГИНГÆНÆГ



**ТОТОЙТИ Михал** (1910-1979),
историон наукити доктор

***Гарданти Хъайтухъи фурт Михал нæудæсæймаг æноси кæрони æма инсæйæймаг æноси райдайæни адтæй Иристони хумæтæг фæллойнæгæнæг адæми сæребарæдзийнадæбæл æновуддæр тохгæнгутæй еу, советон хецаудзийнади доги ба адæмон рохсади разæнгарддæр косæг.***

Гарданти Михал райгурдæй 1870 анзи Киристонгъæуи. Зæгъун гъæуй уой, æма еци æнзти, уæдта уомæй берæ фæстæдæр гъæуи исæвзурдæй карз социалон нихмæлæуддзийнæдтæ. Еци гъуддаг Михалæн фадуат равардта хуæрзæригонæй активон æхсæнадон куст кæнун. Адæми 'хсæн æновуддæрæй косун райдæдта Æрæдони семинарий каст ку фæцæй (1893 анзи), уæд. Еци рæстæг, берæ культурон архайгути хузæн, е дæр ахургæнæги куст æнгом исбаста активон революцион æма публицистон архайди хæццæ. Нæудæсæймаг æноси кæронæй райдайæ æма саугæнгæ Уæрæсей феврали революций уæнгæ Михал не 'суæгъдæ 'й паддзахи пъæлици цæстдардæй, æрахæссиуонцæ 'й æма 'й æ райгурæн Иристонæй фендæдуар кæниуонцæ.

Гарданти Михал адтæй революцион зундирахаст рæстзæрдæй ке уодигъæди ниффедар æй, еци ахургонд адæймæгути раздзæугутæй, Иристони ахургæнгути æрбайеугæнæг съездтæ аразунбæл æ уод ка гъардта, уонæй. Еци съездти сæйрагдæр фæткитæй еу е адтæй, æма си кæниуонцæ сæребарæмæ разæнгардгæнæг петицитæ. Петицитæ ниффинсунбæл Михал архайдта хъæбæр æновудæй. Уой хæццæ ба ма адтæй Цæгат Иристони ахургæнгути кæрæдземæн агъазгæнæг æхсæнади сæрдар дæр.

Гардани-фурт 1905-1907 æнзти куста Дзæуæгигъæуи марксистон къуари, уæдта зингæ агъаз кодта, «Эхо Кавказа», зæгъгæ, газет ка уагъта, еци хуæнхаг интеллигенций хуæздæр минæвæрттæн.

Фиццаг уруссаг революций æнзти Михал фæллойнæгæнæг дзиллити разæнгард кодта, цæмæй ниддæрæн кæнонцæ паддзахи старшинати исконд, фæссоронцæ гъæути хецæутти, байархайуонцæ бонгинти зæнхитæ байсунбæл. Реакций райдайæни, 1906 анзи, Михал куста ахургæнæгæй Хумæллæги æма инæлар-губернатор Колюбакини бардзурдмæ гæсгæ ахæст æрцудæй. Рарвистонцæ 'й Ростов-Донмæ. Ами дæр æхе исбаста социалон-демократти хæццæ. Анзи фæсте æрбаздахтæй æма ахургæнæгæй куста Мæхчески æма Гизæли. 1908 анзи ба 'й фæстæмæ æрахæстонцæ. Иристонæй бабæй æрвист æрцудæй ку исуæгъæ 'й, уæдта бабæй Иристонмæ 'рбацудæй, нæуæгæй ин фадуат фæцæй ахургæнæги куст кæнунæн, фал бустæги æдас ба нæ адтæй, еудадзуг имæ пъæлицæ æ цæстæ дардта.

Пролетарон революцибæл тохи Гардани-фуртмæ адтæй къæхкъуæрæнтæ дæр, æцæг фæллойнæгæнæг адæми хуарздзийнадæбæл æ гъуди некæд раййивта, тох кодта советон хецаудзийнади сæрбæлтау деникинонти контрреволюций нихмæ. 1919 анзи Терки советон республики революцион тухтæ уæлдай уæззау уавæри ку бахаудтæнцæ æма Иристонæй рæстæгмæ цæун ку багъудæй, уæд Гардани-фурт дæр уони хæццæ æхе райста Гурдзистонмæ æма уоми кодта сосæг куст.

Партий Кавкази крайкоми фæдзæхстмæ гæсгæ 1920 анзи коммунисттæ æма партизантæ фæстæмæ 'здæхун байдæдтонцæ Цæгат Кавказмæ Деникини æфсæдти фæскъилдун революцион исистадтæ аразуни туххæй. Гардани-фурт дæр иннæ революционерти хæццæ (Тæкъоти Симон, Бутати Хъазбег æма Золойти Никъала) Хъæрæугоми æфцæгбæл æрхизтæй æ райгурæн Иристонмæ æма агъазиау тох исамадта Деникини хъозонти хæццæ, бунæттон советон хецаудзийнадæ исцардгъон кæнуни сæрбæлтау.

Граждайнаг тугъди фæсте Гардани-фурт нæуæгæй ахургæнæги куст кæнун райдæдта, разæнгардæй архайдта æхсæнадон царди. Зингæ æргом раздахта исфæлдистадон куст æнхæст кæнунмæ дæр, революций агъоммæ куд кодта, уотæ бабæй æмбурд кæнун райдæдта Нарти таурæхътæ. Уонæн сæ еу хай (Нарти эпос) мухури рауагъта 1927 анзи. Еци рæстæг ма Гардани-фурт Цæгат Иристони наукон-æртасæн институти журнал «Известия»-йи ниммухур кодта агъазиау социалон-экономикон очерк «Киристонгъæу, царди факттæй æй æвдесгæй». Гардани-фурт æй дигорон æвзагбæл «Букварь»-и фиццаг автор, уæдта дигорон скъолати ахургæнуйнæгтæн хрестоматий дууæ киунугей исаразæг дæр.

Минкъий къохфинститæ нæ байзадæй Гарданти Михалæн æнæ мухургондæй дæр. Зæгъæн, «Революци æма контрреволюци Цæгат Иристони», «Ирон бийнонти равзурд æма ирæзти истори», «Æлдардзийнадæ Иристони», «Дигорон æвзаги грамматикæ», «Аргъæутти æмбурдгонд», драмæ «Рæхистæ» æма æндæртæ.

Ниффинста «Социалон-экономикон очерктæ», зæгъгæ, уæхæн сæргонди хæццæ агъазиау киунугæ. Мухури æй рауагъта 1908 анзи Дзæуæгигъæуи П.К. Григорьеви типографий. Фал киунугæ адæммæ нæ бахъæрттæй, цензурæ ибæл æ дзæмбутæ æрæвардта æма 'й басугъта, æ гъуди æргом революцион æма комкоммæ паддзахдзийнади нихмæ арæзт ке адтæй, уой туххæй. Байзадæй ма си айдагъдæр еунæг экземпляр – е нуртæккæ 'й Мæскуй В.И. Ленини номбæл паддзахадон библиотеки. «Очерктæ» финст æрцудæнцæ 1906 анзи газет «Эхо Кавказа»-йæн, фал мухури нæ рацудæнцæ, уомæн æма, куддæр Столыпини реакци райдæдта, уотæ паддзахи цензурæ газет исæхгæдта.

Устур æй Гардани-фурти финст очеркти ахедундзийнадæ, арф æнцæ æ гъудитæ, æ хатдзæгтæ, ес си бæлвурд æрмæг, айдагъ историктæн нæ, фал экономисттæн, этнографтæн æма лингвисттæн дæр сæ практикон кусти устур агъаз ка бакæндзæнæй, уæхæн æрмæг.

Киунуги ес дууадæс сæргонди. Уони хæццæ: «Хуæнхаг адæми гъезæмæрттæ зæнхи фудæй XX æноси райдайæни», «Кæмæ циуавæр бартæ ес зæнхитæй æма хезæнуæттæй пайда кæнуни гъуддаги», «Цæмæн æййафунцæ еудадзуг æстонг хуæнхон адæм» æма æндæртæ.

Нæ национ культури зундгонд архайгутæ Хетæгкати Къоста, Цæголти Геуæрги, Гæдиати Цомахъ æма иннети хузæн Гарданти Михал дæр æ публицистики тундзуй хуæнхаг адæми уæззау царди уавæртæ равдесунмæ, етæ зæнхи туххæй ци фудæбæнттæ æййафтонцæ, уой раргом кæнунмæ. Уой дæр уотид равдесуни туххæй нæ уæди хецауеуæггæнгути базгули кæнуни туххæй – кæдимайди ба гъезæмайраг адæми тухстдзийнæдтæ сæмæ багъариуонцæ æма син сæ цардиуагæ уæддæр еуцæйбæрцæбæл фæззæрдæмæдзæугæ кæнуни туххæй ести мадзæлттæ исаразиуонцæ. Уогæ, уотæ рауайдзæнæй, зæгъгæ, уобæл еци адæми сæрбæлдзоргутæ сæ зæрдæ уоййасæбæл дæр нæ дардтонцæ. Еци рæстæги ци политикон цардарæзт адтæй, æма паддзахади аграрон политики уой фудæй. «Æнæгъæнæ Иристони, – финста Михал, – зæнхæй æфсес æнцæ æдеугурæй 30-60 хæдзари – хецæн гъæздугутæ. Иннетæ сæ еугур дæр цæрунцæ ихуæрст зæнхитæй, тоги аргъ ибæл федунцæ, уотемæй...»

Гардани-фурт ахургæнæгæй берæ фæккуста хуæнхаг гъæути, уомæ гæсгæ хуарз зудта хумæтæг адæми царди уавæр. «Хуæнхаг гъæути ахид исæмбæлæн ес, æгириддæр зæнхи гæбазæ кæмæ нæййес, кенæ ба хуæрз минкъий зæнхæ кæмæ ес, уæхæнттæбæл. Етæ цæрунцæ, сæ хæстæгутæ син ци кæрдзини къæбæртæ раттунцæ, уомæй, кенæ ба рараст унцæ хонхæй идард будурмæ хъазахъи станицитæмæ хуар исамал кæнунмæ». Уой фæсте, зæгъгæ, «уæхæн уавæр идарддæр ку уа, уæд Иристон XX æноси райдайæнмæ уодзæнæй устур уæлмæрдти хузæн. Æндæр загъдæй ба «цагъди фæуодзæнæнцæ æстонгæй».

Ке зæгъун æй гъæуй, Гардани-фурт уæхæн хатдзæгмæ æрцæугæй, федар си уомæй æруагæс кодта идард ке нæбал æй социалон революци, æма е фадуат ратдзæнæй хуæнхаг æнæзæнхæ адæмтæн зæнхæ байсунæн.

Бæлвурд нимæдзти фæрци амудта, зæгъгæ, хуæнхаг гъæути цард кæнуй бонæй-бонмæ зиндæр æма гæвзукдæр, уомæ гæсгæ адæм къæбæр исамал кæнуни туххæй, ледзунцæ æндæр рауæнтæмæ. Фал хонхæй будурмæ ка лигъдæй, уонæбæл дæр хуæздæр бон нæ адтæй: нæ сæ финстонцæ будури гъæути, зæнхæ сæмæ ке нæ адтæй, уой туххæй. Гардани-фурт агурдта, цæмæй æвæстеуатæй зæнхæ лæвæрд æрцæуа, хонхæй будурмæ ка ледзуй, еци мæгур адæмæн.

Михал æ киунуги ахсгиаг тох исамадта паддзахи тугъдон-колонизаторон экономикон политики нихмæ, хормæ ин ракалдта е 'буалгъ миутæ, мæгур хуæнхаг адæми зæнхи гæбæзти тухæй ке есуй æма сæ æфсæддон хъазахъæгтæн куд иуаруй, уони.

Хъазахъи æма хуæнхаг адæми 'хсæн зæнхитæ раст иурст ке нæ цудæнцæ, уой туххæй Гардани-фурт æ киунуги æрхаста бæлвурд дæнцитæ. Еу рауæн Михал уотæ финсуй: «Сунжи хайади зæнхæ раст иурст ке не 'рцудæй, уомæ гæсгæ хуæнхаг адæймагæй хъазахъаг 58 хатти, гъома, кæд алли хъазахъаг уодгоймагæн дæр зæнхи хай лæвæрд æрцудæй 14,4 дæсæтини, уæд хуæнхаг адæмæй ба алкæмæн дæр æдеугурæй 0,25 дæсæтини. «Гъема зæнхæ уотæ æнæраст иурст ку цæуа, – финсуй идарддæр Гардани-фурт, – уæд адæмти еу хай экономикон æгъдауæй æнгъæлдзау æй адæми иннæ хаймæ. Уомæ гæсгæ адæми фиццаг хай (гъома, хуæнхаг адæм) мæгурæймæгурдæр кæнунцæ, иннетæ ба гъæздугæй-гъæздугдæр». Уæхæн гъуддаг Гардани-фурт нимадта хуæнхаг адæмти нихмæ знаггадæбæл æма æ нихмæ карз тох рапарахат кæнунбæл. Е æргомæй дзурдта, цæмæй зæнхæ цæуа раст иурст, ихуæрсгæ 'й ка кæнуй, уомæй ба минкъийдæр хъалон агурд куд цæуа.

Зæнхи фарстати хæццæ еумæ Гарданти Михал гъæддухæй дзурдта зæнхæ ихуæрсуни феддонтæ минкъийдæр кæнунбæл. Еци феддонтæй хъæбæрдæр æфхуардтонцæ бунæттон адæми. Зæгъæн, Гардани-фуртæн æхе нимадмæ гæсгæ, еци рæстæг Иристони цæрæг адæм хъазахъи станицити цæргутæн хъалони хузи сæ зæнхитæ син ке ихуæрстонцæ, уой туххæй фистонцæ 4335226 соми.

6

Цуппаринсæй анзей размæ (1945 анзи 13 феврали) 2-аг æма 3-аг Украинаг фронтти æфсæдтæ фæцæнцæ дæрæнгонд Будапешти рæбун немуцаг-фашистон æфсæдтæ си исуæгъдæ кодтонцæ Венгрий сæйраг сахар.

*Ким ЦАГОЛОВ: «Доброе должно почитаться, а злое – осуждаться вне зависимости от национальной или расовой принадлежности, пола и вероисповедания... Надо было, нам дорасти хотя бы до уровня мышления кота Леопольда, провозгласившего удивительно простую и в то же время гениальную мысль: «Ребята, давайте жить дружно!..» Я верю, что вновь восстановится былая дружба.*



*Цæголти Македони фурт Ким райгурдæй 1930 анзи 13 январи Цæгат Иристони АССР-и Киристонгъæуи (нуртæккæ – сахар Дигора). 1950 анзи каст фæцæй Дзæуæгигъæуи аййевадон-педагогон училище, 1953 анзи ба – Ейски æфсæддон-денгизон авиацион училище. Службæ кодта Сауденгизон æма Балтиаг флотти, Прибалтики, Туркестани, Цæгат Кавкази æма Мæскуй æфсæддон зилдтити. 1960 анзи фæсаууонмæ каст фæцæй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон педагогон институт.*

*Цæголти Кими намусгин цардвæндаги хабæрттæ кæрæй-кæронмæ радзорунæн нин фадуат нæййес, уомæ гæсгæ ба си цубурæй кæцидæрти ранимайдзинан. 1981-1984 æнзти адтæй Афганистани Советон æфсæдти къуари хестæр æфсæддон унаффæгæнæг, æнхæст кодта командæкæнуйнади сæрмагонд ихæслæвæрдтæ. Евгъуд æноси 80-аг æнзти кæрони архайдта Хонсар Иристони территори гæрзефтонг гурдзиаг къуæрттæй багъæуай кæнуни гъуддæгути. Фæстæдæр куста бæрнон бунæтти Советон Цæдеси, уой фæсте ба Уæрæсей Федераций уæлдæр хецаудзийнади бæрнон бунæтти, æ куст фулдæр адтæй нæ бæсти национ рахастдзийнæдти фарстати фæдбæл.*

*Философон наукити доктор, историон наукити кандидат, профессор, уотæ Цæголти Ким æ рæстæги ахургæнæгæй куста Краснодари тæхгути техникон училищей, Мæскуй цалдæр æфсæддон академий. Æ наукон куститæ (æртæсæдемæй фулдæр) мухургонд æрцудæнцæ Уæрæсей, уæдта фæсарæйнаг бæстити, цæмæдесæй сæбæл исæмбæлиуонцæ наукон æмæхсæнади. Архайдта берæ регионалон, еугуруæрæсеуон æма дуйнеуон наукон конференцити. Адтæй Уæрæсей цалдæр академий æцæг иуонг.*

*Æ агъазиау æскъуæлхтдзийнæдти туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй ССР Цæдеси, Уæрæсей, Афганистан æма Польший уæлдæр паддзахадон хуæрзеугутæй æма реубæлдаргæ нисантæй, исаккаг ин кодтонцæ цалдæр сахарей Кадгин гражданини ном.*

*Цæголи-фурт адтæй искурдиадæгин хузæгæнæг дæр, архайдта Балтиаг флоти, Цæгат Кавкази æма Прибалтики æфсæддон зилдтити æфсæддон хузæгæнгути равдистити, бацæттæ кодта цалдæр персоналон равдисти. Æнтæстгин адтæй литературон-публицистон исфæлдистади дæр, адтæй ССР Цæдеси æма Уæрæсей финсгути Цæдести иуонг.*

*Цæголти Ким æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 2015 анзи 11 октябри.*

* * *

*Тугъдон, курухон лæг, философ, алливæрсуг зонундзийнæдтæ æма хуæдбундор искурдиади хецау – уæхæнæй Цæголи-фурти базудтонцæ е 'мкосгутæ, ахурдзаутæ, æмбæлттæ æма æмзæнхонтæ. Е бæрæг æй, мæнæ дæлдæр ци цалдæр имисуйнаги мухур кæнæн, уомæй дæр.*

# РАЗАГЪДИ ДЕССАГ АДÆЙМАГ АДТÆЙ...

## «ДÆХЕБÆЛ ФÆХХУÆЦÆ, МИШÆ, ÆЦÆГ ЛÆГДЗИЙНАДИ СКЪОЛА РАЦÆУДЗÆНÆ!..»



**ТЕБЛОЙТИ Михаил, Цæгат Иристони паддзахадон медицинон академий доцент**

– Уотæ рауадæй, æма мæ цардæмбал Теблойти-Келехсати Варвари хæццæ нæмæ Гиппократи ардбахуæрд фæдздзурдта, æма, куд медицинон косгутæ, уотæ нин нæ интернационалон ихæс æнхæст кæнгæ рауадæй Афганистани зæнхæбæл. Ами ба нæ нæ царди нивæ фæййеу кодта таурæхъон лæг Цæголти Кими хæццæ. Уой дæр, зæгъун æнгъезуй, æнахур, зæгъун æнгъезуй, еуцæйбæрцæдæр фудæвзарæни æнгæс уавæри. Цæветтонгæ, кæми цардтæн æма кустон, еци рауæни еу бон гъæунгæбæл цудтæн, уоми фондзуæладзугон хæдзари еу къæразгæй мæмæ ку райгъусидæ Хетæгкати Къостай æмдзæвгæбæл зар. Е мæмæ дессаг куд нæ фæккастайдæ, уой хæццæ ба ма мæ зæрдæбæл уайтæккæ æрбалæудтæй, Советон Цæдесæй ни ардæмæ ке æрвистонцæ, уонæн еугуремæн дæр уой дзурдтонцæ, ами знаг ци аллихузон хийнæйдзаг къæппæгутæ аразуй, уонæми бахаунæй тæссаг æй æма уæбæл сайд ма 'рцæуæд, къæрцгъос уотæ, уæхе сайди бахаунæй гъæуай кæнетæ, зæгъгæ.

Æма æз бангъалдтон, æвæдзи, зæгъун мæ ами уни нисан мин базудтонцæ æма мæ нурттæккæ æрахæссун исфæндæ кодтонцæ. Æндæр, зæгъун, ауæхæн æцæгæлон æнтæфæй-æнтæфдæр бæсти ке багъудæй мæ маддæлон æвзаг?! Æз, мæ тохæнгарзбæл мæ зæрдæ даргæй, бацудтæн хæдзарæмæ, иссирдтон, музыкæ кæцæй игъустæй, еци цæрæнуат æма дуар бахуастон. Ракастæй мæмæ ниллæггомау нæлгоймаг, даргъ бæзгин закъæ ибæл, æ уæле ба тугъдон дарæс. Кæрæдземæ кæсæн... Нæ зонун, ка мæмæ ракастæй, уомæ ци сагъæстæ фæззиндтæй ме 'рбацуди фæдбæл, фал æз ба, раст зæгъгæй, æгæрдæр ма истухстæн: «Мæхе къæхтæй æрбацудтæн душманти сæркъуæрмæ... Мæхе цæй туххæй бабун кодтон?!.»

Кæсун æма бацæуæни æ фæсте пъолбæл Калашникови автомат. Фал мæнæн ба мæ къохи пистолет, æма, æнæмæнгæ, ме 'знаг æй, зæгъгæ, ке бангъæл адтæн, уой бон неци хузи бацайдæ автомат фелвасунмæ исарæхсун.

Уотемæй, æвæдзи, рацудайдæ еуфондз минуттей бæрцæ, æма дин уæдмæ ба медæгæй уатæй райгъустæй силгоймаги гъæлæс:

– Ким, ка 'й, медæмæ цæмæннæ æрбахезуй?..

Кæсун, æма мæ размæ рацудæй еци силгоймаг, цæмæдæр гæсгæ фиццаг бакастæй дæр уайтæккæдæр базудтон, ирон силгоймаг ке æй, уой. Уой фæззинд мин уоййасæбæл æхцæуæн адтæй, æма тарстæй æгириддæр нецибал райзадæй, ка 'й зонуй, æгæр гъæрæй иронау исдзурдтон:

– Æма ирæнттæ ба уæд ами ци архайунцæ?..

Нæлгоймаг мæ æ хъури æрбакодта æма мæ дуари тæрвази сæрти медæмæ æ гъæбеси бахаста... Гъе уæд райдæдта Цæголти бийнонти хæццæ нæ лимæнддзийнадæ.

– Дæхебæл фæххуæцæ, Мишæ, ами æцæг лæгдзийнади скъола рацæудзæнæ, – ахид мин дзурдта Ким. – Уой фæсте дин дæ изолдæри царди æнцондæр уодзæнæй зиндзийнæдти сæрти хезун...

Берæ цæбæлдæрти исахур дæн Цæголи-фурти фæрци. Еухатт ба мин æ курухон унаффæ мæ цард фæййервæзун кодта.

Гъуддаг уой медæгæ адтæй, æма еу партион æмбурди карзæй ке радзурдтон, уой туххæй ми мæ разамунд, æвæдзи, æ маст райсун исфæндæ кодта. Æма сæ еци фæндæ исæнхæст кæнуни зæрдтæй рахастонцæ унаффæ æнахур балций ма рарветун – гъæуама мæ парашютбæл рагæлстайуонцæ сахар Фирахи, цæмæй бунæттон сæйгæдони сæйгитæн фæййагъаз кодтайнæ.

Сæ нихмæ ци загътайнæ – лæдæрдтæн æй, сæйгитæн агъаз кæнун мæнæн, куд дохтирæн, уотæ мæ ихæс æй, æма цийфæнди ку уа, уæддæр æй æнхæст кæнун гъæуй. Фал мæмæ уæддæр еци бардзурд куддæр æнахур фæккастæй, Æма мæ мæ медхъурдохæн нæ фæссайдта... Куд рабæрæг æй, уотемæй еци бардзурдæн е 'нахурдзийнадæ æ æверхъаудзийнадæй адтæй, уомæн æма еци сахари уæд хецауеуæг кодтонцæ душмантæ, махонтæ си æгириддæр нæ адтæй. Æз еци хабар Кимæн ракодтон. Æма уайтæккæ дзуапп загъта:

– Махонтæ си, æцæгæйдæр, ке нæййес, уой туххæй дин болкъон Къæбисти Барис дæр зæгъдзæнæй. Е æнæгъæнæ Афганистани еугур рауæнти сæрти дæр вертолетæй æрзилдæй æма, кæми си ци уавæр ес, уой бæлвурдæй зонуй. Ду ба Минæваради дæ хецауадæн зæгъæ, цæмæй дæ базонгæ кæнонцæ, Мæскуйæй дæу туххæй ци бардзурд райстонцæ, уой хæццæ!.. Куд æнгъæл дæн, уотемæй уæхæн бардзурд уогæ дæр нæййес. Фал уæддæр фæрсгæ ба бакæнæ...

Ким мин куддæриддæр загъта, уотæ бакодтон. Уæхæн бардзурд ес æви нæййес, уой туххæй мин бæлвурд дзуапп нæ равардтонцæ, фал мæ балци ба æййивд æрцудæй...

Гъуди ма кæнун уой дæр, æма сæумæй раги, хæстæг ци штабмæ цардтæн, уой æхсти фæсте, Цæголти Ким, æ уæле бунæттон цæрæги уæледарæс, æ усхъæбæл автомат, уотемæй, фехст снарядтæй ка нæ фехалдæй, уони еунæгæй куд æнæзиангъон кодта.

– Цалинмæ неке ма ес, уæдмæ над ракæдзос кæнун гъæуй, зæгъгæ, мин балæдæрун кодта.

Мæ десæн кæрон нæбал адтæй, мæ бийнойнаги хæццæ нæ уолæфуни рæстæг нæ райгурæн бæстæмæ ку цудан, уæд нæ аэропортмæ ласунвæндæ æхуæдæг ке искодта, уæд уобæл дæр. Æз куддæр фефсæрми дæн. Ким æ медбилти бахудтæй æма загъта:

– Мишæ, Варя, сумахæй хæстæгдæр мæнæн ами неке ес, æма уæ еске барæ куд бакæнон...

Куд рабæрæг æй, уотемæй, еу афгайнаг шофер, мах хузæн уавæри нæ специалистти нин аэропортмæ фæллæсуни бæсти сæ душмантæмæ баласта æма уоййадæбæл фесавдæнцæ...

## «ФÆНДУЙ МÆ МÆ ГЪÆУАЙГÆНÆГ ДЗИУАРИ ДÆУ ГЪÆУАЙГÆНÆГ ДЗИУАРИ ХÆЦЦÆ БАЗОНГÆ КÆНУН...»



**ЦÆГОЛТИ Лаурæ, Цæголти Кими кизгæ, Уæрæсей Федераций финсгути Цæдеси иуонг**

– Куд фæззæгъунцæ, æз адтæн мæ фиди кизгæ, æма уомæй нæ дууæ дæр адтан хъæбæр амондгун!..

Уотæ зæгъон, æма мæ фиди æнæуагæ берæ уарзтон, сæрустур си адтæн æ хъаурæгин уодиконди, цийфæнди, сауæнгæ мæлæтæй тæссаг рæстæг дæр – уæхæн уавæртæ ба нæ царди нæ фагæ æгæр уæлдайгунтæй дæр ма адтæнцæ – æ бон ке уидæ федар хебæлхуæцундзийнадæ равдесун, уой туххæй?.. Е æцæгæйдæр уотæ 'й.

Фал мæ фиди туххæй æнхæстæй радзорунæн ба æгæр къундæг зæгъдтитæ 'нцæ. Нæ кæрæдземæй некæд неци римахстан. Адтан, зæгъун æнгъезуй, æмтохгæнгутæ, кæрæдзебæл уæхæн федар баст, кæций нециуавæр «æнгъарæн



фадуæтти» бон дæр бацайдæ райхалун. Еу цæстæй кастан дуйнемæ. Нæ бонугти сифти дæр æмхузон зæрди хабæрттæ финст адтæй. Æма уомæ гæсгæ некæд бадес кодтон мæ фиди зубути еунæрдзийнадæбæл. Æ алфамбулай кæд алкæддæр берæ адæм адтæй, уæддæр еунæг ке æй, уой ба хъæбæрдæр æнкъардта æхебæл. Æма еци еунæрдзийнадæ, æвæдзи, æгæр хъаурæгин уодиконд кæмæн ес, уонæн сæ царди хай æй. Мæ фидæ адтæй лæмбунæг сагъæсгæнагæ, алли гъуддаги дæр раздзæуæг, алли куст дæр комкоммæ бæлвурд æгъдауæй æнхæст кæнун.

Мæ зæрдæбæл лæууй, еу тæссаг балцийæй бабæй исæздæхгæй, фиццагидæр бал мæнмæ 'рбацудæй. Æма мин уотæ зæгъуй:

– Еугурæйдæр уотæ æнгъæл æнцæ, æма Мæскуй нæма дæн. Ку мæ агоронцæ, уæд зæгъæ, нæ мæ фæууидтай, зæгъгæ. Рæстæг мин минкъий ес. Фал дæмæ гъæуама бавдистайнæ мæнæ мæ аци финстæг... Бакæсай æй...

Æма мæмæ æрбадаргъ кодта цидæр къохфинсти сифтæ. Æз сæ кæсун. Мæ фидæ бадуй, æ сæр ниллæг æруагъта, уотемæй рафунæй æй æ фурфæлладæй... Æ карз фунæйæй фегъал æй, сифтæ 'скъудтæ кæнун ку райдæдтон, уæд. Фæггæпп кодта:

– Ци косис?!. Е еунæг экземпляр æй!..

– Æма аци еунæг экземпляр ма ка кастæй?

– Неке...

– Æма 'й кумæ æрветуйнаг адтæ?

– Уордæмæ! – е 'нгулдзæй амонуй тугурмæ.

– Ци киндæуа, хуæздæр нивæй нæ фæххайгин æй...

Æз мæ медбилти идзулун, архайун æ уадзавæрддзийнадæ ин фæннидæндæр кæнунбæл:

– Уотæ гъæуй, мæ фидæ, ма ибæл тухсæ!..

– Ке гъæуй?!.

– Гъе уотæ 'й нимайæ, æма мæн гъæуайгæнæг изæди...

Уобæл еу-дууæ къуæрей рацудайдæ, уотемæй мæмæ æрбадзурдта æма мин æнæ уæлдай радзорæ-бадзоритæй уотæ ку зæгъуидæ:

– Хуцау ди исарази уæд!.. Гъе нур не 'хсæн, нимайæ 'й, хæрæгсаст – 1:1.

Уотæ ба мин уомæ гæсгæ загъта, æма мæ еу хатт æхецæй нийиауун кодта, фæтти æхстæй мæ гъæуайгæнгæй... Е раги адтæй. Æма нур ба не 'хсæн – хæрæгсаст.

Фæндараст зæгъгæй, æ уарзондæр загъд уидæ: «Цæрдзинан – нæ рамæлдзинан!..»

Цалдæр анзей фæсте ба 'й бафæндадтæй дзиуарæ бафтаун æхебæл æма мин уотæ ку зæгъидæ:

– Æцæг мæбæл дæу саугин бафтауæд дзиуарæ!

– Е ба цæмæ гæсгæ?!

– Уомæн æма æз æма ду еу ан, уомæ гæсгæ ба нæ саугин дæр гъæуама еу уа.

Еуминкъий цæбæлдæр расагъæс кодта, уæдта ма æ загъдбæл бафтудта:

– Фæндуй мæ мæ гъæуайгæнæг изæди дæу гъæуайгæнæг изæди хæццæ базонгæ кæнун... Цæбæл радзубанди кæнонцæ, е ба син, æруагæс ми кæнуй, уодзæнæй...

## «ЦИЙФÆНДИЙ УÆЗЗАУ УАВÆРИ ДÆР РАБÆРÆГ УИДÆ Æ УОДИГЪÆДИ ХЪАУРÆ ÆМА ФЕДАРДЗИЙНАДÆ...»



**Владислав ШУРЫГИН,**
**газет «Завтра»-йи уацхæссæг**

– Академий ахургæнæгæй косгæй, Цæголти Ким исахур кодта афгайнаг дууæ æвзаги (дари æма фарси), æма 'й æ еци зонундзийнадтæ багъудæнцæ тугъдон æсгарæги службi рæстæг. Афганистани хестæр тугъдон унаффæгæнæгi бунати косгæй, æхуæдæг цудæй хъæбæр тæссаг операцити. Зæгъæн, афгайнаг дервиши уæледарæс искæнгæй, æхе никъуæтти кæнгæй, еухатт исмедæг æй, душманти къуæрттæ фулдæр ци районти адтæнцæ, уордæмæ. Уоми æ арми бафтудæй, еци къуæрттæй уæлдай кардзæрæй ка архайдта, уонæй еуей балгъони хæццæ сосæггай фембæлун.

Уой хъæбæр устур деси бафтудта Цæголи-фурти бæгъатæрдзийнадæ æма, æвæдзи, уомæ гæсгæ дæр ибæл бауæндтæй. Цубур рæстæгмæ балгъон æ къуари хæццæ æ нихмæлæуд ниуугъта æма бацудæй республикон гвардимæ.

Еци цауи фæсте дæр ма Цæголифурт берæ хæттити адтæй уæхæн тæссаг ихæслæвæрдтæ æнхæст кæнуни. Агурдта, уæди медбæстон тугъдæй ка бафæлладæй, æнæгъæуаги тог калун ке нæбал фæндадтæй, уони, æма сæ хæццæ лæмбунæг дзубанди кодта, цийфæнди хæццæ сæмæ бацæуидæ, уобæл сæ æрæуунæндун кæнидæ. Уой фæрци еуæндæс устур æма минкъий къуари рахуæстæнцæ Афганистани Демократон Республики уæди хецаудзийнади фарс. Гъе уотемæй цал æма цал адæймагей – дууердигæй дæр!.. – фæйиервæзун кодта мæлæтæй!..

Гъе уотæ рæстзæрдæ æма цæсгонгинæй, разæнгардæй еудадзуг æнхæст кодта æ размæвæрд ихæстæ Цæголти Ким... Цалинмæ не 'фсæдтæ еугурæйдæр нæ рацудæнцæ Афганистани зæнхæй – уой ба уомæ гæсгæ баханхæ кодтон, уордæмæ 'й кæд æрветгæ анзи æрдæги æмгъудмæ ракодтонцæ, уæд си е ба уавæртæмæ гæсгæ цалдæр анзи фæцæй...

Цæголти Кими туххæй дзоргæй ма мæ бон уотæ зæгъун дæр æй, æма æ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдтæ æма æнтæстдзийнæдтæмæ гæсгæ, гъæуама исхизтайдæ службi медæгæ тæккæ бæрзонддæр къæпхæнмæ... Фал куд нæ!.. Афганистанæй исæздæхгæй, е æ рапорти æргомæй, æндиудæй, бæлвурдæй раргом кодта, уоми тугъди хæццæ баст гъуддæгути нæ бæсти уæлдæр æфсæддон командæкæнуйнадæ ци аллихузон, нихxатиргæнæн кæмæн нæйиес, уæхæн рæдудтитæ æруагъта, Афганистани тугъдон компаний рæстæг ци гъæндзийнæдтæ фæуууидта æхе цæститæй, уони. Æма?.. Пенсимæ цæун афонæ дин æй, зæгъгæ, рæуонæй æй фендæдуар кодтонцæ æфсади рæнгъитæй.

Еци æгириддæр æнæраст миуæ ин, æ царди медес æнæгъæнæй дæр æфсæддон гъуддагæн ка иснивонд кодта, уомæн устур зæрддзæфи хузæн куд нæ адтайдæ!.. Фал еци уæззау уавæри дæр бабæй рабæрæг æй æ уодигъæди хъаурæ æма федардзийнадæ, ниббухсунæн имæ устур фæразондзийнадæ æма лæгдзийнадæ разиндтæй.

Æ райгурæн Иристонмæ ба ци рæстæг исæздахтæй, еци рæстæг Гурдзистон æма Хонсар Иристони 'хсæн нихмæлæуд уæлдай иситинг æй, тохæнгæрзти хæццæ тохæмбæлдтитæ дæр си райдæдтонцæ.

Æма бабæй багъудæй Цæголти Кими курухон зунд æма фæлтæрддзийнадæ. Уогæ алцæй разæй фиццагидæр æхуæдæг æ комкоммæ ихæсбæл банимадта еци уæззау рæстæги еци тæссаг уавæр, куд хуæздæр æй, уотæ исраст кæнуни гъуддаги, æ бон цидæриддæр æй, уомæй байархайун.

Уæд, евгъуди æноси 90-аг æнзти Цæголи-фурт нисангонд æрцудæй Уæрæсей Федераций национ фарстати фæдбæл министри хуæдæйиевæгæй, Цæгат Иристон-Аланий Президенти унаффæгæнæгæй... Æма бабæй нæуæгæй, куд фæззæгъунцæ, æ рагъи ракодта æ цардвæндаги сæйрагдæр нисанеуæг – сабурдзийнадæ итауæги уæззау уаргъ.

Æвæдзи, еци рæстæг Цæголи-фуртæй устурдæр æвæрæн неке бахаста, цæмæй гурдзиаг-хонсарыристойнаг нихмæлæуд, уæд цæйбæрцæ гæнæн æма амал адтæй, уомæй федаугæ хузи куд рахецæн уа, еци гъуддагмæ... Уогæ кедæрти тогмондагдзийнади фудæй гъуддаг æнæ тогниккалдæй нæ рахецæн æй... Уогæ сæ еци знаггадæй дæр син неци рауадæй, сæ сау фæндитæ сæ разгилд тугъди 2008 анзи бунсугъд бакодтонцæ... Хуарз æма Цæголти Ким æхе цæститæй фæууидта, Хонсар Иристон хуæдбарæ паддзахадæ ке иссæй. Е æ царди адтæй тæккæ цийнагдæр æма æхцæуæндæр бон...



**ЦÆГОЛТИ Кими бюст æ райгурæн Киристонгъæуи Намуси Аллейи.**



ЦÆГОЛТИ Ким Чиколай хестæрти хæццæ цитгин мадзали рæстæг.



ЦÆГОЛТИ Ким (лæууй) æ хеуæнтти хæццæ.

***ГАРДАНТИ Михали æрæмбурдгонд æрмæгутæй: «Еугур дуйнебæл æнамонддзийнадæ кæмæй цæуй, адæми кæрæдзебæл ка ардауй, ка цæгъдун кæнуй, алли цъумурдзийнадæ æма æнæ зæрдесгæ гъуддæгутæ кæмæй цæуй, фурхуæрдæ, фурниуæзтæ, зийнадæдзийнадæ, хахур, гъолонцъух, ардаун, æлгъетун, давун, марун ке фæндæй цæуй аци мæнгæ дуйнебæл, етæ 'нцæ Фидбилизи къохи æма хуннунцæ Хуцауи æзнæгтæ...»***

# НÆ АДÆМИ ФАРНÆ ЦИТГИНГÆНÆГ

3 Уой фæдбæл Гардани-фурт куд финста, утемæй хуæнхбæсти цæрæг адæми дзиппитæй уойбæрцæ æхца ке есунцæ, е бустæгидæр исмæгур кодта мæгур зæнхкосæг адæймаги. Зæнхи фарстабæл утæ еузæрдиуонæй æма бæгъатæрæй дзоргæй, Михал æнауæрдон тох кодта, паддзахи хецаудзийнадæ Кавкази æхецæн ци хъозон исæвардта, еци Воронцови нихмæ дæр.

Хуæнхаг адæм утæ æнæ зæнхæ ке адтæнцæ, уой комкоммæ кодта Воронцови политики фуд: «Воронцови æверхъау политикæ Иристои къурцдзæвæнмæ æртардта XX æноси райдайæни, æрсаста ин æ хъаурæ, исмæгур æй кодта, байста ин æ зæнхитæ, æ бартæ æма Туркмæ ледзун дæр уомæн райдæдтонцæ...»

Гардани-фурт æгъатир тох кодта, паддзахи æверхъау политикæ адæмти кæрæдзебæл ке ардудта, еци æбуалгъ гъуддаги нихмæ дæр: «Адæмти 'хсæн хæрандзийнадæ итаун нури политиктæ нимайунцæ тæккæ хуæздæр мадзалбæл. Уомæн æма син еци гъуддаг фадуат дæттуй фæллойнæгæнæг дзиллити сæ уæргутæбæл æрлæууун кæнун...»

Гардани-фурт дзурдта буржуазон монархист Байати Гаппой нихмæ дæр. Гаппо адтæй Воронцови фарс, худта 'й Кавкази адæмти интерестæ гъæуайгæнæг. Æма Гаппой дæр еуцæйбæрцæдæр балæдæрун æнгъезуй – æгирид неци, уæддæр паддзахи хецаудзийнади архайæг уогæй ин, æнæ утæ дзорæн нæ адтæй.

Фал æ дзубандитæй ке фегæр æй, козбаугæнæг ке иссæй, е ба Гардани-фурти хъæбæр истингун кодта æма еци мæстæйдзагæй финста: «Мадта зæгъонцæ сæхуæдтæ, паддзахи хъозони политики буни ци адæмтæ æргубур æй, етæ, кæддæра нæ рабæрæг уайуонцæ Воронцови цъамар миутæ. Ка равардта уæд Гаппойæн æфхуæрд адæми номæй дзоруни барæ?»

Гардани-фурти финст очеркти ахедундзийнадæ ма никкидæр уой медæгæ 'й æма автори бон бацæй еци рæстæги карз социалон æма къласон тох равдесун. Уæди рæстæги еуæй-еу æхсæнадон архайгутæ ба (Цæликкати Ахмæт, Хъодзати А., Бритъиати Елбиздихъо æма æндæртæ) дзурдтонцæ, зæгъгæ, Иристони угæ дæр нæййес уæхæн карз социалон нихмæлæуддзийнæдтæ æма къласон тох. Гардани-фурт равдиста, паддзахи хецаудзийнадæ 60-аг æнзти æргомæй æ армæ ке дардта баделиатæбæл, æма сæ фарсбæлхуæцæг ке адтæнцæ, æма уомæ гæсгæ Иристон ке фæддех æй, кæрæдземæн знаг ка иссæй, уæхæн дууæ лагеребæл – монархисттæбæл æма демократтæбæл. Æма се 'хсæн байеудагъ æй карз медтугъд.

Идарддæр Гардани-фурт амонуй, зæгъгæ, паддзахи политики, комкоммæ ба Воронцови архайди уæззау фæстеугутæй еу æй, 60-аг æнзти Иристони хорнигулæн хаййи æма хуæнхбæсти ци тухгин исистад адтæй, е. Еци исистадæй фæстагмæ рауадæй революций артдзæстæ æма байеудагъ æй æнауæрдон тох, Воронцов ци æлдæрттæ багъомбæл кодта, уони нихмæ.

Киунуги автор ма никки дæр финсуй, 1902 анзи Дур-Дури зæнхкосгутæ сæ баделиати нихмæ ци исистад исаразтонцæ, уой туххæй дæр: «Æстонг дурдуйрæгтæ агурдтонцæ зæнхæ, фал сæбæл Туйгъанти бонгинтæ фæттухгиндæр æнцæ, уруссаг æфсæдтæ æма бунæттон администраци сæ фарс ке адтæнцæ, уой фæрци. Етæ 1902 анзи 2 майи ниддæрæн кодтонцæ зæронд Дур-Дур...»

Е хъæбæр хуарз зудта Къостай лæгæй-лæгмæ, цалдæр хатти исæмбалдæнцæ еумæ, фæдздзубандитæ кодтонцæ. Еумæ исистонцæ сæ къарæ дæр. Къостай рамæлæти фæсте Михал зæрдибунæй финста æма мухур кодта уой туххæй æ имисуйнæгтæ. Уони кæддæр мах дæр нæ газети мухур кодтан.

Гарданти Михали берæ хуарздзийнæдтæй еу адтæй, æма рæстуодæй ауодудта ирæзгæ фææлтæрбæл, уой фæрци Иристони фæсевæдæй беретæ иссæнцæ зундгонд æхсæнадон-политикон архайгутæ, исгъомбæл кодта революцион советон интеллигенций номдзуд минæвæрттæ.

* * *



ТУЙГЪАНТИ Махарбеги конд хузæ «Нарти кувд».

Гардани-фурт æ киунуги цубурæй дзоруй 1905-1907 æнзти цаути туххæй: «Иристони адæми æрлæууун гъудæй, кенæ сæ ка бастъигъта æма сæ æнæ хæдзарæ ка фæккодта, уони æма буржуазий фарс, кенæ ба уруссаг пролетариати фарс. Ке зæгъун æй гъæуй, фæллойнæгæнæг Иристон рацудæй дуккаг надбæл, уруссаг пролетариати фæдбæл æма ин фадуат фæцæй сурх турусай хæццæ æ бартæбæл тох кæнун...»

Фиццаг уруссаг революций рæстæг æхсæнадæ дууæ кæрæдзей нихмæлæууæг къуаребæл фæддех æй, гъома, освобожденецтæбæл æма консерватортæбæл. Освобожденецтæ зæронд æгъдæуттæй сæ еминæ фæууингæй, æрбалæудтæнцæ сурх турусай буни æма æнауæрдон тох исамадтонцæ бунæттон администраций æбуалгъ миути нихмæ. Цубурдзурдæй, революций арт хусгæ нæ, фал цирендæрæй иссугъдæй Иристони гъæути дæр.

Устур æй Гардани-фурти публицистикон очеркти ахедундзийнадæ. Етæ еума хатт равдистонцæ уой, æма Гардани-фурт ке адтæй Иристони адæми еузæрдиуон фурт, революционсæребарадон æзмæлди тæккæ æновуддæр архайгутæй.

Гарданти Михал æхе нимадта Хетæгкати Къостай еузæрдиуон фæдонтæй еуебæл.

Гарданти Михал æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1962 анзи æ райгурæн Киристонгъæуи, æма 'й гъæубæсти, Иристони дзиллæ устур кади хæццæ рафæндараст кодтонцæ е 'носон бунатмæ...

Гарданти Михалæн æ бон, æвæдзи адтæй, æ цардвæндаг утæ исаразун æма си алцидæр кæрæй-кæронмæ айдагъдæр æхе хуарзæн куд адтайдæ – æ зунди курухондзийнадæмæ, æ раун-циуондзийнадæмæ гæсгæ ин уæхæн равгитæ адтæй. Фал уой сæрмæ æрхæссуйнагбæл æхецæн нæ исаккаг кодта æма равзурста æ удикондмæ гæсгæ цитгиндæр карнæ – хумæтæг адæми амонди сæрбæлтау нивонди над... Æма уомæ гæсгæ ба хуарз уидæ абони дæр ин æ хъиамæттæмæ гæсгæ фулдæр кадæгонд ку цæуидæ...

Гарданти Михали цардвæндаги туххæй радзубандий кæронбæттæни ма мухур кæнæн æ финст æрмæгутæй еу.

***ГАРДАНТИ Михал***

## МÆ ФИДИ ФИДÆ АЛИЙИ ИМИСУЙНÆГТÆЙ

Ме 'нсувæр Бæрег мæ фиди фидæ Алийæн уарзта æ кувдтитæ æма ин адтæй амменæгæнæг.

Еу хатт Баба (утæ худтон æз мæ фиди фидæ Алий) изæрæй радзурдта махæн, Нарти Сау робаси царбæл Уациамонгæй куд соми кодтонцæ, уой. Тауæрæхъ фæцæй, æхе даргъ сире къелабæл рауагъта арти размæ æма æ зæронд æмбалмæ дзоруй:

– Нæ зæронд, тауæрæхъи хуарзæнхæ ба дæу фæууæд. Кæд нин неци тауæрæхъ æрхæсдзæнæ, уæдта дæхе балхæнæ ниуæзтæй.

– Тауæрæхъи хуарзæнхæ дæр, аргъауи хуарзæнхæ дæр дæу уæд! Арахъ агорис æма дин æнæ уой дæр равардтайнæ.Нуртæкки дæ гъæуй, æви фæстædæр, хуссунбæл?

– Рахæссæ 'й, ра, æз ба Уациамонгæй еу бaниуазон.

Зæронд Нана фестадæй, æ рази ин байвардта тумбул фингæ фæрзеуæйдзагæй, фиди æгъзæл, арахъи цайдан, къумæли къос.

Уой, нæ Уациамонгæ, нæ Уациамонгæ, бæркадгин уай. Алцæмæй дæр не 'фсийни къох идзаг æй, зæгъгæ, æма ниуазæн райста, æр æй идзаг кодта архъæй æма дзоруй:

– Игъосетæ, исон æхсæвæ æй Уасгергий æхсæвæ; Уасгергийæн нæмæ ес борæ нæлфус нивондæн – тохъули æма уин æй исон æхсæвæ равгæрддзæнæн.

Бæрег имæ игъæлдзæгæй дзоруй:

– Баба, баба, сауæнгæ дæр Уациамонгæ æма Уасхæ дзорис 'ма дин сæ нæ фæллæдæрæн. Ци 'й Уациамонгæ, Уасхæ?

– Уой, Баба дæ рунтæ бахуæра, бабай биццеу Бæрег! Уасхæ æй уæларвон Хуцау, Уациамонгæ ба сомий фингæ. Раги нæ фидтæлтæй еске естæбæл дзоргæй Уасхæ зæгъун, радтун ку бафæразтайдæ, уæд ин еци дзурдæн сайæн нæбал адтæй. Уасхæ зæгъидæ æма уомæ гæсгæ. Дууæ лæги естæбæл исдзоргæй ку бафедауиуонцæ æма Уасхæ ку зæгъиуонцæ, уæд еци дзурдæн фæссайæн нæбал адтæй: Уасхæ се 'хсæн адтæй.

Уациамонгæ ба адтæй сомигæнæн фингæ. Адæми æхсæн ести растдзийнадæ исбæрæг кæнун ку гъæуидæ, уæд дзурдтонцæ Уасхæй Уациамонги сæргъи, мæнæ атæ, мæн рази цæхæн тумбул фингæ ес, уæхæн фингæбæл æривæриуонцæ цæнхæ, дзол æма ниуæзтæ (къоси бæгæни, уæрас, кенæ ронг, хуарз арахъæй гъæстæй æма уонæй сомигæнгæй æрдзориуонцæ гурусхаг, хъаугъайаг гъуддагбæл. Уой фæсте ба игъосгутæ исдзориуонцæ гъуддагбæл, раст æма хæран равзариуонцæ, æма утемæй Хуцауи номæн гъуддаг ралух кæниуонцæ. Дæуогътæ ба Уациамонги цæнхæ, дзол æма ниуæзтæй ниййахуадиуонцæ æма бафедауиуонцæ.

– Мадта, уæд аргъауи, тауæрæхъи хуарзæнхæ ба дæу уæд, зæгъгæ, ба цæмæн фæззæгъунцæ?

– Утæ фæззæгъунцæ уомæн, æма æмбурди адæм, кенæ ба æвдесæнтæ фæдздзорунцæ радæгай: кæми – еу, кæми – иннæ. Дæуогътæй сæ еуей дзубанди ку фæууй, уæд иннемæ бадзоруй, Уациамонги хуарзæнхæ ба дæу уæрагбæл æринцойнæ кæнæд, зæгъгæ. Гъома, æз фæдтæн дзубандигонд, нур ба дæу радæ æй раст дзорунмæ — æндæра неци. Мæнæ сумах, аргъæуттæ гæнгæй нæ фæззæгъетæ, аргъауи хуарзæнхæ ба дæу, – кенæ ба аргъауи къерппатæ ба дæубæл ивæрун, зæгъгæ. Устурти æхсæн дæр – утæ. Æрмæст аргъауи мæнгæдтитæ дæр рафтауй сувæллон æма етæ ба æнцæ æ къерппатæ.

Утемæй, Уациамонгæ дæу уæрагбæл æринцайæд, тауæрæхъи хуарзæнхæ дæу, аргъауи къерппатæ дæубæл, зæгъгæ, дзорæг кæмæ æхе бахата, е гъæуама радзора ести, кенæ ба æхе балхæна, мæнæ мах зæронд æхе аци æхсæвæ хуæрдæ, ниуæзтæй куд балхæдта, утæ. Æрмæст Уациамонги дзурдæн æлхæнæн, уæйæ кæнæн нæййес. Е фæууй раст æма хæрангæнæги тухxæй дзурд. Уæхæн дзурд ба гъæуама зæгъа, гъуддаг ка зона, ка бакæна, е, æндæр дзæгъæл дзубандитæ Уациамонгæбæл не 'нгъезуй. Уациамонгæй фæдздзоруй дæуогъ дæр, зæнхæ, арв, цæнхæ, дзол æма ниуæзтæй тумбул финги сæргъи адæми æхсæн.

Уациамонги сомигæнæн дзурдтæ æнцæ мæнæ атæ: дзорæг æрдзубанди кæнуй, растæй гъуддаг куд фæззонуй, утæ, утæ, уæдта син се 'цæгадæ ба банхæст кæнуй мæнæ атæ: æз ке дзурдтон гъуддагæн æцæгадæй, уой æрдзурдтон сумах адæми рази æнæмæнгæй, æнæ неци баримæхстæй, – нæ фидæ арви буни æма нæ мадæ зæнхи реубæл, нæ цæнхæ, нæ дзол, нæ ниуæзти сæргъи, нæ тумбул финги сæргъи.

Ка 'й зонуй 'ма естæмæй мæнгæ ку разиннон, мæ Уасхæй сумах ку басайон, уæд æ ходуйнаг мæ фиди уæрагæй, мæ фиди рехæй макæд рахезæд; мæхуæдæг ба уе 'хсæн гæмæх æма гъолонæй, мæнæ аци гъолон лæдзæгау, куд фæххæтон, утæ. Мæ дзурдтæ, мæ дзубандитæ æнцæ раст аци зæнхæбæл, арви буни, сумах æхсæн æма син сумах ба утæ æвдесæн.

Утæ ку расоми кæнуй дæуогъ, уæд уой дзоргæй ба æ къох æрхæссуй гъолон лæдзæгбæл, дзол цæнхи ниттолуй, уой дæр æма ниуæзтæй дæр ниййахуадуй. Лæг уæхæн дзурд ку радтуй, уæд е хуннуй Уасхæ.

***Гарданти Михали къохфинститæй ист.***

**Финддæс æма фондзинсæй анзей размæ (1910 анзи 14 феврали) Тифлиси рацудæй литературон æхсæнадон-политикон æма юмористон журнал «Æфсир»-и фиццаг номер. Уагъд цудæй ирон æвзагбæл.**

***Сергей СОЛОВЬЕВ, кандидат философских наук: «Широко известно высказывание немецкого философа Теодора Адорно, что после Освенцима нельзя писать стихи. Насколько он прав? Действительно ли культура до сих пор не может осмыслить «дымы Освенцима?» Тут проблема не в том, что нельзя писать стихи после Освенцима, а в том, что культура должна ответить на вопросы: что человек может сделать, чтобы Освенцим никогда не повторился...»***






# ЗАГРАДЫ ОСВЕНЦИМА СВАЛИЛА КРАСНАЯ АРМИЯ

Восемьдесят лет назад, 27 января 1945 года Красная Армия освободила Освенцим, положив конец нацистским концлагерям, пишет L'Antidiplomatico. Спустя десятилетия восстанавливается историческая справедливость о вкладе СССР в победу над нацизмом, а попытки переписать прошлое разоблачаются.

День памяти и 80-я годовщина освобождения Красной Армией нацистского концентрационного лагеря Освенцим отмечался 27 января. Эта дата символизирует освобождение всех нацистских концлагерей и лагерей смерти, через которые прошли 18 миллионов человек из Советского Союза, Югославии, Франции, Нидерландов, Бельгии, Чехословакии, Польши, Венгрии, Румынии, Италии и других стран. Из них 11 миллионов погибли в этих лагерях.

В июле 1944 года советские войска первыми пришли в крупнейший нацистский лагерь Майданек, одновременно освободив лагеря смерти Белжец, Собибор, Треблинку, а затем и другие лагеря в Прибалтике и Польше. Перед капитуляцией Германии советские солдаты также освободили Штуттгоф, Заксенхаузен и Равенсбрюк.

Именно Красная Армия 27 января 1945 года открыла ворота крупнейшего комплекса концентрационных лагерей – Освенцима. Восемьдесят лет спустя продолжатели дела фашиста Юзефа Пилсудского, кумира и примера для подражания Адольфа Гитлера, приветствуя на памятных мероприятиях виновников и пособников новых геноцидов, лицемерно обошли приглашением российских представителей.

Вспоминая о вкладе СССР в освобождение от нацизма, стоит еще раз остановиться на некоторых высказываниях в речи Дональда Трампа, касающихся его симпатий к «России, которая помогла нам выиграть Вторую мировую войну, потеряв при этом почти 60 миллионов человек».

Задаваясь вопросом о компетентности и добросовестности авторов данной речи, мы хотели бы прояснить некоторые исторические моменты, которые слишком часто искусно обходят молчанием или даже намеренно фальсифицируют не только многочисленные наследники гитлеровских преступников, которых сегодня немало в парламентах половины европейских стран, но и многие наивные жертвы отвратительной лжи, постоянно транслируемой этими «стойкими борцами» за «историческую память». «Служители» инфернальных сил, которые, «вопреки российской дезинформации», мысленно примеряют черную или серо-зеленую униформу вермахта 80-летней давности, клевещут на других за преступления, совершенные ими самими или их предками, виновными в «неспровоцированных, неоправданных и незаконных агрессивных войнах», «целенаправленных нападениях на гражданское население, жилые районы и гражданскую инфраструктуру», «прибегая при этом к искаженным историческим аргументам, манипулированию информацией и иностранному вмешательству». Такова их гнилая сущность.

Не будем вдаваться в исторические подробности, хотя в этом и есть необходимость, учитывая возрождение нарративов, которые, казалось, остались в прошлом с либерально-реакционными «открытиями» шестидесятилетней давности Вальтера Хофера и ему подобных. Достаточно привести некоторые цифры, распространенные российским МИД (при этом новые социал-фашисты и реакционеры хором воскликнут, что поймали нас с поличным), основанные на выводах Международной комиссии по репарациям Германии февраля 1945 года. Подчеркнем, что речь идет о Международной комиссии, состоявшей из представителей СССР, США и Великобритании, решение о создании которой было принято на Ялтинской конференции.

По данным этой комиссии, количество времени и сил, затраченных Германией на советском фронте, превышало аналогичное количество на всех остальных фронтах союзников по меньшей мере в десять раз. На советском фронте было задействовано 4/5 от числа немецких танков и около 2/3 самолетов. В общей сложности на плечи СССР легло почти 75% всех военных усилий антигитлеровской коалиции. В ходе войны Красная Армия ликвидировала 626 дивизий Германии и ее союзников, из которых 508 были немецкими, против 176, уничтоженных США и Великобританией на своих фронтах.

Советско-германский фронт развернулся на огромных пространствах: по протяженности (около 4 тыс. км в 1941 г. и более 6 тыс. км в 1942 г.) он в четыре раза превышал общую протяженность Североафриканского, Итальянского и Западного фронтов вместе взятых. Из 1418 дней на советско-германском фронте реальные военные действия велись 1320 дней, тогда как на итальянском фронте – 492 из 663 дней, на Западном – 293 из 338, а на североафриканском – 309 из 973.

Президент США Франклин Рузвельт 28 апреля 1942 года в своем обращении к американскому народу заявил: «Русские войска уничтожили и продолжают уничтожать больше людей, самолетов, танков и орудий нашего общего врага, чем все остальные 25 стран антигитлеровской коалиции вместе взятые». Премьер-министр Великобритании Уинстон Черчилль в послании Сталину 27 сентября 1944 года писал, что «именно русская армия выпустила кишки из германской военной машины...»

Решающий вклад СССР в победу определяется тем, что в боях и столкновениях с Советской Армией было понесено более 73% всех потерь немецко-фашистских войск. Благодаря СССР была уничтожена большая часть вражеского вооружения: около 75% танков и штурмовых орудий, свыше 75% авиации, 74% артиллерии.

Победы Красной Армии на советско-германском фронте стали решающими для открытия Второго фронта в Европе, который начался 6 июня 1944 года битвой за Нормандию.

Что касается советской поддержки западных союзников, в российской ноте говорится, что «с нашей стороны было бы кощунством не признавать фактов истории, которые неопровержимо свидетельствуют о том, что Советский Союз и его Вооруженные Силы своевременно, порой в самых неблагоприятных для них условиях, честно и в полной мере выполняли свой союзнический долг. Советский Союз полностью выполнял свои обязательства перед союзниками, всегда протягивая им руку помощи».

Так было, например, во время масштабной операции «Багратион» в Белоруссии, Восточной Польше и Прибалтике, когда Красная Армия поддержала англо-американскую высадку в Нормандии. Затем, в январе 1945 года, в ходе операции «Висла–Одер», отвечавшей пожеланиям Черчилля ослабить давление на союзников, прижатых в Арденнах, Сталин предвосхитил начало запланированного наступления, и таким образом американцы смогли выйти из довольно сложного для них положения.

Через три месяца после победы над Германией СССР, в полном соответствии с Ялтинским соглашением, объявил войну Японии. Боевые действия на Корейском полуострове начались в ночь с 8 на 9 августа. Уже к 15 августа части 25-й армии и Тихоокеанского флота практически полностью освободили территорию Кореи вплоть до 38-й параллели.

В сообщении МИД России говорится, что «западные союзники осознали, что без помощи СССР им не удалось бы быстро завершить войну с Японией, которая, по мнению США, могла затянуться до 1947 или 1950 года. Молниеносное поражение, нанесенное за 11 дней Советской Армией самым мощным и эффективным японским сухопутным войскам, стало беспрецедентным не только во Второй мировой войне, но и во всей истории военного искусства».

Общие потери СССР на этом фронте составили около 4500 человек, из которых 1500 погибли. В освобождении Кореи не принимали участия ни войска США, ни войска других стран. Первые подразделения американских войск высадились на полуострове 8 сентября 1945 года после того, как 2 сентября 1945 года Япония подписала акт о капитуляции.

Следует также отметить, что особое место в заявлении Дональда Трампа занимает озвученная им цифра потерь Советской Армии в 60 миллионов человек. Как пишет Юрий Селиванов на сайте news-front.su, Трамп установил новый «мировой рекорд» в этом отношении, превзойдя даже самых энергичных антисоветчиков периода горбачевской «катастройки», которые тогда манипулировали цифрами потерь с единственной целью – внедрить в сознание людей мысль, что в Советском Союзе никогда не было и нет ничего хорошего и что его пора ликвидировать. В отношении предыдущих поколений, сражавшихся на фронтах Отечественной войны, утверждалось, что они «умели воевать, только забрасывая позиции противника горами трупов». Следует отметить, что в этой мрачной статистике цифры всегда сильно завышались именно в те моменты, когда новым правителям срочно требовалось как можно сильнее очернить своих предшественников. Так было с так называемым «разоблачением культа личности» во времена Хрущева, когда Сталина обвиняли во всех возможных преступлениях, не утруждая себя научными доказательствами этих обвинений. По мнению Селиванова, число военных потерь СССР мгновенно выросло с 7 до 20 миллионов человек. Когда в начале 1990-х годов Горбачеву понадобилось усугубить эту тему еще более страшными «фактами», появилась новая цифра – 27 миллионов, ныне удвоенная Дональдом Трампом.

В процитированной выше ноте российского МИД говорится, что СССР за годы войны потерял около 26 миллионов человек, из которых 12 миллионов составляли военнослужащие, из них 5,2 миллиона убитых, 5,1 миллиона пропавших без вести и попавших в плен, 1,7 миллиона умерших в госпиталях от ран и погибших при других обстоятельствах. К этому следует добавить 13,7 миллиона гражданских лиц, из которых 7,4 миллиона были преднамеренно истреблены на оккупированных территориях, 4,1 миллиона умерли и погибли в результате ужасных условий оккупационного режима, а также 2,2 миллиона человек умерли на принудительных работах в Германии.

В целом в оккупированных нацистами европейских странах потери составили: 4,1 миллиона человек в Польше, 1,7 миллиона – в Югославии, 450 тысяч – в Греции, 210 тысяч – в Нидерландах и 88 тысяч – в Бельгии. Людские потери (смертность) в основных странах антигитлеровской коалиции составили: в США 400 тысяч человек, в Великобритании – 370 тысяч, во Франции – 600 тысяч. В ходе длительной многолетней войны против японской оккупации Китай потерял 35 миллионов человек.

Именно эти исторические факты сознательно замалчивают или искажают сегодня злонамеренные продолжатели дела Пилсудского, Латышского легиона, 1-й эстонской дивизии СС, украинских головорезов из дивизии "Галичина", фашиста Бандеры и фашистского маршала Грациани, а также потомки сторонников операции Черчилля «Немыслимое» и американского плана «Тоталити» о нападении на СССР после окончания войны.

Именно эти свидетельства доказывают лицемерие тех, кто сегодня в Брюсселе, Страсбурге, Варшаве или Киеве проливает слезы над «памятниками голодомору» и рыдает о «непростительном плане Советского Союза в начале Второй мировой войны», согласно которому, опять же в духе Вальтера Хофера, «два тоталитарных режима сговорились разделить Европу на собственные сферы влияния».

Нет надобности перечислять далее эти искаженные факты. Давайте лишь напомним всем господам с короткой памятью, что ровно за год до освобождения Освенцима, 27 января 1944 года, Красная Армия освободила Ленинград после 872-дневной осады, в результате которой погибли, по разным данным, от 600 тысяч до 1,5 миллиона жителей, что, по мнению американского политолога Майкла Уолцера, превышает число погибших мирных жителей Гамбурга, Дрездена, Токио, Хиросимы и Нагасаки вместе взятых.

Мы не устаем повторять: хищные поджигатели войны, наследники Квислинга, Бандеры, Гиммлера и Петена продолжают вариться в собственной злобе и произносить на собраниях евроатлантистов лицемерные лживые речи.

***Газета «Советская Россия» от 30.01.2025 г.***

**Войска 1-го Украинского фронта 8-24 февраля провели Нижне-Силезскую наступательную операцию против немецко-фашистских войск, которая была завершена полным разгромом врага.**

☺ ☺ ☺
– Ты чего молчишь?
– Слова подбираю.
– Какие?
– Цензурные.
☺ ☺ ☺
– Чем занимаешься?
– Радуюсь жизни!..
– Жрешь, что ли?
– Да…
☺ ☺ ☺
*А вы тоже заметили, сколько без вести пропавших, при переходе от слов к делу?..*
☺ ☺ ☺
*Многим людям в ответ на просьбу трудно сказать «нет». И этим частенько пользуются в ЗАГС-е.*



# ПАЙДАЙАГ ЗАЙÆГОЙ – ДАБОНÆ

Цæгат Иристони æрдзæ гъæздуг æй алихузон хуæрунмæ ка бæззуй, уæхæн зайæгойтæй. Дабонæ ба нæмæ уæлдай ахиддæр æй. Кæми нæ фæууйндæнæ аци содзагæ æма тæфгæнагæ зайæгой, уæхæн бунæттæ берæ нæййес нæ республики. Архæуи рæгъти хонсарвæрстæй уæлдай берæгæйттæй зайуй Тарскийи, Сунжи, Майрæмадаги, Хæтæлдони, Суадаги æма æндæр гъæути къилдунти, уæлдайдæр ба Субийи гъæди Хъабагъуати æма Бадзийи кæмтти.

Адæймаг зуймон рæстæги æрлæмæгъ уй, организми гъæугæ витаминтæ ке нæбал фæффагæ кæнуй, уой туххæй. Уомæ гæсгæ 'й фæттухгиндæр кæнунæн тæккæ хуæздæр мадзал æй дабонæ хуæрун.

Дабонæ кенæ арси гъæдзиндзæ, кенæ гъæддаг бодæн æй берæанзон зайæгой. Æмбурд æй фæккæнунцæ мартъий, апърели, майи. Деденæг ба фæккалуй июни. Берæгæйттæй зайуй Центрон Европи: Австрий, Бельгий, Чехий, Словакий, Германий, Венгрий, Польший, Швейцарий; Цæгат Европи: Даний, Финляндий, Ирландий, Норвегий, Швеций, Великобританий; Хонсар Европи: Румыний, Болгарий, Югославий, Греций, Италий, Францый, Испаний, Украини, Белоруссий; Кавкази: Сомехи, Азербайджани, Гурдзий æма Турки дæр.

Гъæддаг дабонæ зайуй сауæнгæ тундри уæнгæ дæр. Ахиддæр æй фæууинæн ес цæугæдæнттæмæ хæстæг дæлвæзти. Æ сифтæ уæлдай хуæрзадæдæр æнцæ уæлдæфи температурæ 12-17 градуси ку фæууй, уæд. Уомæй уæлæмæ сæ хуæрзгъæдæздзийнадæ лæгъуздæр кæнун райдайуй, уæлдайдæр сор рæстæг. Дабони сифтæ маргæйдзаг зайæгой гигинай сифти хузæн ке 'нцæ, уой туххæй сæ кæрæдземæй æртасун зонун гъæуй.

Нуртæккæ 'й дабонæ цæттæ кæнуни тæккæ афонæ. Берети фæффæндуй уалдзæги фиццаг халæй тагъд-тагъдæй фегъæстæ ун æма уомæн гæнæн дæр ес. Ахургæндтæ куд рартастонцæ, уотемæй дабонæ гъæздуг æй пайдайаг бауæргъæдтæй. Айдагъ аскорбини тауæгадæ си ес, апельсин кенæ лимонæй 10-15 хатти фулдæр. Витамин С – берæ. Уомæй уæлдай, дабони сифти æма зæнги ес эфири сойнæ, органикон бауæргъæдтæ æма фитонцидтæ дæр. Етæ еугурæйдæр æвддадзи хуасæ 'нцæ адæймаги бауæргъæдæн.

Дохтиртæ дабонæ амонунцæ куд адæймаги бауæргъæдæ кæдзосгæнæн фæрæзнæ. Пайда си кæнунцæ аллихузон микробти, еуæйеу незти нихмæ. Мадта адæмон медицини дæр æ ахедундзийнадæ минкъий нæй. Дабонæ фæххуæрунцæ, адæймаги уазал ку бацæуй, хуфгæ ку фæккæнуй, уæд. Æ зæнгитæ ци дони исфицунцæ, е ба æвддадзи хуасæ 'й гъæдгинтæ дзæбæх кæнунæн. Хумæтæги нæмæ нæ байзадæй уæхæн загъд, дабонæ авд незi нихмæ лæууй, зæгъгæ. Куд рагон хуасийнæ зайæгой, уотæ зундгонд адтæй сауæнгæ германтæн, кельтæгтæн æма ромæгтæн дæр. Археологион æртасæнтæ æнхæст кæнгæй, разхуæнхон Альпити дабони фæдтæ иссирдтонцæ адæймаги недзаманти цæрæнбунæтти. Е дзорæг æй, дабонæй 5000 анзей размæ дæр пайдагонд ке цудæй, уобæл.

Дабони фитонцидтæ берæ кæми ес, уой туххæй хуарз æнхус кæнуй губуни листæг кæлмитæ фесафунæн, бæззуй микробти нихмæ архайдæн. Амонунцæ 'й цинга дзæбæх кæнунæн, агъаз кæнуй тогæфсесадæн.

Еу загъдæй, адæмон медицини си пайдагонд цæуй мин анзей дæргъци, уæдта ма тъæнгти аллихузон цæфсгæ незтæй дзæбæх кæнунæн дæр. Рагон Рим æма астæуккаг æности дабонæ хуарз фæрæзнæ адтæй ахсæн æма тог кæдзос кæнунæн. Берæ æности размæ ци медицинон фæллæнттæ финст æрцудæнцæ, уонæми ба финст цæуй, зæгъгæ, дабонæ пайдайаг фæрæзнæ 'й, халерæ, æндæр цæфсгæ незти рæстæг. Дабони донæй дзæбæх кæнунцæ тæфсагæ, хуфæг, хъурти незтæ, индис æма æндæртæ. Пайда кæнæн си ес, куд ниуазгæй, хуæргæй æма бауæр уомæй исæрдуни фæрци дæр.

Аци зайæгой æй диетикон продукт дæр. Ку си хуæрай, уæд æвзаг, комикъолтæ фæссодзуй, фал е неци зиан хæссуй. Адæймагмæ хуæрун хъæбæрдæр æрцæуй, бауæргъæдæ ба си хъаурæгиндæр кæнуй. Хуарз агъаз æй ахсæн æма тъæнгтæ ракæдзос кæнунæн дæр. Дабонæй кæнунцæ салаттæ æма винегреттæ. Мадта, цæхгунæй дæр æ адæ æма хуасæгæнæн менеугутæ не 'сафуй. Бунæттон цæргутæ си ахид пайда кæнунцæ дзосæ кæнунæн. Дабони сифтæ ку нæма фæхъхъæбæр унцæ, уæд хуарз æнцæ нæуæргæлхъивд цихти хæццæ къеретæ кæнунæн.

Аци зайæгойæй хуастæ æма си хуæрунаг кæнунæй уæлдай зонун гъæуй æ цæттæ кæнун дæр. Махмæ 'й хæссун райдайунцæ рагуалдзæги, æ сифтæ ма фæлмæн ку фæуунцæ, уæд. Гъæуама кардæй лухгонд цæуонцæ айдагъдæр сифтæ, сæ бунти хæццæ син кæрдæн нæййес. Уомæн æма дабонæ цæттæ кæнгæй, федæн анзи тиллæгбæл дæр гъуди кæнун гъæуй. Еугур зайæгойтæн ба кæрдæн нæййес. Гъæуама алли квадратон метри дæр уагъд цæуа 15-20 зайæгойи, цæмæй æ муггаг ма фесæфа.

Гъулæггагæн, аци амундздзийнæдтæ анзæй-анзмæ неке æнхæст кæнуй. Ке куд фæндуй, уотæ къахуй дабонæ, нæ республики æрдзæгъæуайгæнæг оргæнтæ ба нур цал анзи еу фæткæ нæма исаразтонцæ аци пайдайаг зайæгой багъæуай кæнуни туххæй. Цæрæнбунæттæй идарддæр ке зайуй, е ма 'й гъæуай кæнуй, æндæр ба айфонмæ фесавдайдæ.

Пайдайаг зайæгойæн уæлдай фулдæр зæрæн хæссунцæ адæм. Рагуалдзæги дабонæ куддæр базмæлуй, уотæ 'й гъæйттæй æмбурд кæнунмæ февналунцæ æма 'й голлæгутæй хæссун байдайунцæ уæйæ кæнунмæ. Фал айдагъ абони пайдабæл гъуди кæнун нæ гъæуй. Гъæугæ мадзæлттæ исаразун гъæуй, цæмæй дессаги хуасæгæнæн зайæгой бунисæфт ма фæууа æма æнæгъигæдардæй байзайа нæ байзæдтæгтæн дæр, уонæн дæр пайдахæссæг исуа.

***ТОХСИРТИ Къоста***

## ÆРДЗОН ÆЙИИВДДЗИЙНÆДТÆ ÆМА БОНИГЪÆДИ УАВÆРТÆ

# ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆН ТÆССАГ ÆЙ

Аномалон бонигъæдæ хъæбæр фæфбæрæг уй адæймаги хеæнкъаруйнадæбæл, зæгъгæ, зæгъуй невролог, медицинон наукити кандидат Екатеринæ Демьяновская. Æ дзубандимæ гæсгæ, адæймаг берæ дæсгай æнзти дæргъи исахур æй еу анзи афонти еухузон бонигъæдæбæл, æма минкъий æндæрхузон ку фæууй, уæддæр ибæл æ тæвагæ фæззиннуй. Уæлдæфи температурæ раййевæ-баййевæ ку фæккæнуй, уæд е уæлдай уæзæ 'й адæймагæн, æма кенæ тагъд рафæллайуй, кенæ ба æ незтæ æргом кæнун райдайунцæ.

Æнæнездзийнадæн уæлдай тæссагдæр фæууй, æ иммунитет ку ислæмæгъ уй, уæд.

Зуймон уазæлттæ нивæбæл ку фæуунцæ, уæд сæбæл адæймаг исахур уй, æма ин исфедар кæнунцæ æ иммунитет æрдзон физиологон хузи.

Цæхгæрмæ гъар зумæг ба ин ихалуй æ уавæр, æма æгæр ку фæуууазæлттæ кæнуй, уæд æ незтæ дæр æргом кæнун райдайунцæ. «Твери сахари куд рартастонцæ, уотемæй уæлдæфи температурæ 10 градуси фулдæр ку фæууй, уæд аллибон еу адæймаг фулдæр рамæлуй», – зæгъуй эксперт.

Гъар, æнæмет, æнæдумгæ зумæги берæ ругæ æма æндæр зианхæссæг бауæргъæдтæ ку æрæмбурд уй уæлдæфи, уæд хроникон респираторон незтæ искарз унцæ уолæфæнти нез поллинозæй… Уомæй уæлдай, адæм нæбал фæллæдæрунцæ, циуавæр уæледарæс искæнун гъæуй, уой.

Уæрæсей Гидрометцентри наукон разамонæг **Роман Вильфанд** куд зæгъуй, уотемæй гæнæн ес, æма уа рагуалдзæг.

Перми Политехи ахургæндти гъудимæ гæсгæ ба аци анзи сæрди, гæнæн ес, æма уа тæссаг æрдзон фæззиндтитæй – тухгин думгитæ, карз уарунтæй.

## ХЪÆППÆРЕС



# ÆЦÆГ ДОХТИР ИСУНБÆЛ АРХАЙУН ГЪÆУЙ

***Уæрæсей æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади Министрадæ æрæги унаффæ ци хъæппæреси фæдбæл рахаста, уомæ гæсгæ медицинон уæлдæр ахургæнæндонæ æма колледж фæууни фæсте рауагъдон æнæмæнгæ гъæуама бæлвурд рæстæг бакоса паддзахадон сæйгæдони. Советон доги уотæ бæргæ адтæй, фал еци ахсгиаг гъуддаг сæ фудзундæй фехалдтонцæ, Советон Цæдеси фæткитæ кæрæй-кæронмæ кунæг кæнун ка байдæдта, еци «реформатортæ». Хуарз æма 'й уæддæр нур балæдæрдтæнцæ, еци гъуддаг цæйбæрцæбæл пайдахæссæг адтæй.***

Федералон министади хъæппæреси туххæй дзоргæй, нæ республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадæ æма «Роспотребнадзор»-и раздæри разамонæг, медицинон академий гигиенæ æма эпидемиологий кафедри сæргълæууæг **Бутати Таймураз** куд баханхæ кодта, уотемæй æ хæццæ арази æй:.

– Мах рæстæги уотæ адтæй, æма 'й зудтан, куддæр ахур фæууæн, уотæ нæ æрветдзæнæнцæ кустмæ бæлвурд рауæнтæмæ. Нæ размæ нин рахæссиуонцæ бæсти регионти, республикити, крайти хигъд, уоми бæрæг адтæнцæ кусти бунæттæ дæр. Кæд æма студент бюджети бундорбæл цæуй ахурмæ, уæд гъæуама зона, лæвар исахур кæнуни фæсте æртæ анзи косдзæнæй, кумæ 'й рарветонцæ, уоми.

Бутай-фурт ма куд баханхæ кодта, уотемæй медицинон уæлдæр ахургæнæндæнтти рауагъдонтæн се 'ртиккаг хаййи уайтæккæ сæйгæдæнти хебарæй косунмæ бауадзæн нæййес. Уомæ цæттæ нæ фæуунцæ.

– Медицинон ахургæнæндони ка ахур кæнуй, гъома, исонибони дохтиртæ гъæуама бацæуонцæ сæйгæдонæмæ санитартæй, медицинон хуæртæй, æнсувæртæй. Къахдзæфгай гъæуама алцидæр уоми базононцæ.

Уæрæсей æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади Министрадæ æрæги ци фæндæ рахаста, уомæ гæсгæ медицинон ахургæнæндæнтти бюджети бундорбæл ка ахур кæнуй, еци рауагъдонмедиктæ æнæмæнгæ сæйгæдæнтти, поликлиникити бакосонцæ бæлвурд рæстæг. Уотемæй сæ багъæудзæнæй фæсахур æртæ анзи (колледжти рауагъдонти ба дууæ анзи) бакосун медицинон косæндæнтти. Кенæ ба гъæуама еугур бюджетон хæрзтæ дæр дууæ хатти фулдæремæй фæстæмæ раздахонцæ паддзахади къазнамæ.

***Нæ уацхæссæг.***

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 261**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 07.02.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 07.02.2025.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**